

POU : Komite Skolè Boston  
SOT NAN MEN : Jeremiah Hasson, Direktè OLR (Biwo Relasyon Travay)  
KOPI POU : Mary Skipper, Sipèentandan BPS (Lekòl Piblik Boston)  
Sam Depina, Depite Sipèentandan Operasyon  
PJ Preskenis, Asistan Direktè Jesyon Enstalasyon Lekòl Piblik Boston  
Megan Costello, Konseyè Prensipal  
OSIJÈ : Akò Negosyasyon Kolektif – Local Union No. 1952, Painters & Allied Trades  
District Council No. 35 (BPS Custodians) « Sendika Lokal Nimewo 1952, Pent  
ak Metye Alye, Konsèy Distri Nimewo 35 (Gadyen/Jeran Lekòl Piblik Boston  
yo)  
Dat la : 30 novanm, 2022

Sou rekòmandasyon ekip negosyasyon ki te deziyen nan non Komite Skolè Boston an pou negosye yon nouvo akò negosyasyon kolektif avèk Sendika Gadyen yo/Sendika Jeran yo (« Custodians Union »), tanpri egzamine e egzekite akò memorandòm ajou a ki vin ansanm ak lèt sa a. Pou rann rechèch ou pi fasil, mwen arive detaye enfòmasyon enpòtan yo anba a :

### **Pwen Enpòtan yo**

Dire 1ye Kontra a se : apati 1ye septanm, 2020 jiska 30 out, 2023

Salè yo :

- Ane Fiskal 2021 : 2%
- Ane Fiskal 2022 : 2,5%, ansanm ak yon sèl peman 1.000\$
- Ane Fiskal 2023 : 2,5%

Refòm yo :

- Ajoute « Juneteenth » kòm yon jou fèt ; Chanje « Jou fèt Kristòf Kolonb » an « Jou fèt Moun Endijèn »
- Konje pou Maladi : Anplwaye yo ap resevwa jou konje maladi nou akòde yo 1ye septanm chak ane, e sa ap aliyen yo avèk lòt inite negosyasyon yo.
- Ogmante montan an pou Manm Ekipaj yo, Chèf Ekipaj la, Chèf Ekipaj Prensipal la a 45\$ pa è, epitou ogmante montan pou Travayè k ap Sable avèk Woulo yo (« Drum Sanding ») a 51\$ pa è. Sa va epaye distri a kèk depans paske li koute pi chè lontan pou n anboche kontratè deyò pou fè travay sa yo.
- Divès refòm konsènan langaj ki anrapò a defi bilding yo

### **Pwen Enpòtan yo**

Dire 2yèm Kontra a se : apati 1ye septanm, 2023 jiska 30 out, 2026

Salè yo :

- Ane Fiskal 2024 : 2,5%
- Ane Fiskal 2025 : 2%

- Ane Fiskal 2026 : 2%

Refòm yo :

- Etablisman pwogram Bank Konje Maladi a